# HAYAL-QIZLAR SPORTI - IMKANIYATLAR, MASHQALALAR HÁM RAWAJLANIW

**Sultamuratova Muslima**

**Annotaciya:** *Bul maqalada hayal-qızlar sportınıń jámiyet rawajlanıwındaǵı ornı, imkaniyatları hám mashqalaları tallanǵan. Sportta teńlik máseleleri, hayal-qızlardıń qatnasıwın keńeytiw jolları hám rawajlanıw perspektivaları sáwlelendirilgen. Ilimiy derekler hám ámeliy tájiriybeler tiykarında hayal-qızlar sportınıń sociallıq, ekonomikalıq hám psixologiyalıq tárepleri kórip shıǵılǵan.*

**Gilt sózler:** *hayal-qızlar sportı, teńlik, dene mádeniyatı, imkaniyat, mashqala, rawajlanıw.*

## Kirisiw

Sport insan turmısınıń ajıralmas bólegi sıpatında fizikalıq salamatlıqtı bekkemlew, sociallıq integraciya hám jeke rawajlanıwda úlken áhmiyetke iye. Ásirese, hayal-qızlar sportı máselesi sońǵı on jıllıqlarda dúnya jámiyetshiliginiń dıqqat orayında tur. Sebebi sport tarawında teń imkaniyatlardı támiyinlew máselesi demokratiyalıq jámiyet qurıwdıń áhmiyetli baǵdarlarınan biri bolıp esaplanadı.

Tariyxıy jaqtan qaraǵanda, hayal-qızlardıń sportqa tartılıwı awır ótken. Máselen, áyyemgi Olimpiada oyınlarında hayallar qatnasıw huqıqına iye bolmag'an. Tek XIX ásir aqiri hám XX ásir baslarınan baslap, hayallar dene tárbiyası hám sportta belsendi qatnasa basladı. Atap aytqanda, 1900-jili Parijde bolip ótken Olimpiadada birinshi márte hayallar qatnastı.

Búgingi kúnde bolsa hayal-qızlar sportı tek ǵana fizikalıq salamatlandırıw quralı emes, al sociallıq teńlik, huqıqıy imkaniyatlar hám gender máselelerin sheshiwde áhmiyetli platforma sıpatında da qaralmaqta. Dúnya kóleminde FIFA, Xalıqaralıq Olimpiada komiteti hám túrli sport federacıyaları hayal-qızlar sportına úlken itibar qaratpaqta. Ózbekstanda da hayal-qızlar sportı ushın sharayatlar barǵan sayın jaqsılanbaqta, sport mektepleri, sekciya hám klublarda qızlar ushın óz aldına baǵdarlar ashılmaqta.

Sonıń menen birge, hayal-qızlar sportı elege shekem bir qatar mashqalalarǵa dus kelmekte: qarjılay qollap-quwatlawdın jeterli emesligi, sportta gender stereotipler, ǴXQda jeterli dárejede úgit-násiyatlanbawı hám jámiette hayal-qızlardıń jumısına belgili sheklewlerdiń bar ekenligi. Sonlıqtan, hayal-qızlar sportı máselesin ilimiy tiykarda úyreniw hám onıń perspektivaların belgilep alıw oǵada úlken áhmiyetge iye.

**Hayal-qızlar sportındaǵı imkaniyatlar.**

Hayal-qızlar sportı búgingi kúnde hár qıylı tarawlarda keń imkaniyatlar jaratpaqta. Olardı tómendegishe túsindiriw múmkin:

Fizikalıq hám ruwxıy salamatlıqtı bekkemlew - sport shınıǵıwları hayal-qızlarda salamat turmıs tárizin qáliplestiredi, stressti azaytadı hám uzaq ómir súriwge járdem beredi.

Sociallıq integraciya - sport arqalı hayal-qızlar jámiyetlik turmısta belsene qatnasadı, jámiyette islew kónlikpesin iyeleydi hám jeke liderlik sıpatların rawajlandıradı.

Ekonomikalıq imkaniyatlar - professional sport arqalı hayallar ekonomikalıq ǵárezsizlikke erispekte. Máselen, futbol, tennis, gimnastika hám jeńil atletikada joqarı nátiyjeler kórsetken sporchılar xalıqaralıq kólemde úlken dáramat tappaqta.

Gender teńlikti támiyinlew quralı - sportta hayal-qızlardıń qatnasıwı jámiyette teń huqıq hám imkaniyatlardı keńeytiwde úlken áhmiyetke iye. Bul bolsa milliy hám xalıqaralıq kólemde hayal-qızlardıń abırayın arttıradı.

Jas áwlad tárbiyası - sportshı hayallar balalar hám óspirimler ushın úlgi bolıp xızmet etedi. Bul jas qızlardıń sportqa qızıǵıwı hám salamat turmıs tárizin tańlawına alıp keledi.

**Hayal-qızlar sportındaǵı máseleler**

Sonıń menen birge, hayal-qızlar sportı rawajlanıw procesinde bir qatar máselelarge duwshap bolmaqta:

Qarjılıq qollap-quwatlawdıń jetkilikli emesligi - kóplegen mámleketlerde, sonıń ishinde, Ózbekstanda da hayal-qızlar sport túrleri qarjılıq jaqtan erkekler sportına salıstırǵanda azıraq qarjı menen támiyinlenedi. Bul jaǵday sport imaratları hám tayarlıq procesiniń sapasın tómenletedi.

Gender stereotipler hám sociallıq tosıqlar - ayırım jámiyetlerde sport tek er adamlar ushın degen kózqaras elege shekem saqlanıp qalgan. Ásirese, awır atletika, boks sıyaqlı kúsh talap etetuǵın sport túrlerinde hayal-qızlardıń qatnasıwına qarata unamsız pikirler bar.

Ǵalaba xabar qurallarında jeterlishe úgit-násiyatlanbaw - hayal-qızlar sportındaǵı jetiskenlikler kópshilik jaǵdaylarda ǴXQda keńnen sáwlelendirilmeydi. Bul bolsa sportshı qızlardıń abıroyın tómenletedi hám jas áwlad ushın motivaciyanı tómenletedi.

Arnawlı infrastrukturanıń jeterli emesligi - sport mektepleri hám klublarda hayal-qızlar ushın sharayatlar tolıq jaratılmaǵan. Atap aytqanda, kishi qala hám awıllıq aymaqlarda qızlardıń sport penen shuǵıllanıwı qıyın boladı.

Psixologiyalıq tosqınlıqlar - ayırım hayallar sport penen shuǵıllanıwdan uyaladı yamasa jámiyet basımı sebepli sporttaǵı iskerligin toqtatıwǵa májbúr boladı.

**Rawajlanıw perspektivaları.**

Hayal-qızlar sportınıń keleshekte rawajlanıw perspektivaları bir qatar baǵdarlarda kórinedi:

Nızamshılıq hám mámleketlik baǵdarlamalar arqalı qollap-quwatlaw - hayal-qızlar sportına baylanıslı milliy strategiya hám baǵdarlamalar islep shıǵıw, teń imkaniyatlardı nızam dárejesinde kepillew.

Infrastrukturanı rawajlandırıw - zamanagóy sport mektepleri, fitnes orayları, stadion hám sport zalların hayal-qızlardıń talaplarına beyimlestiriw.

ǴXQda úgit-násiyatlaw hám sporchı hayal-qızlardıń abırayın arttırıw - hayal-qızlardıń jetiskenliklerin keńnen sáwlelendiriw arqalı jas áwlad ushın ilham dáregin jaratıw.

Xalıqaralıq birge islesiw - FIFA, XOQ hám basqa da xalıqaralıq shólkemler menen birge islesiwdi kúsheytiw arqalı hayal-qızlar sportın dúnya kóleminde rawajlandırıw.

Ilimiy izertlewlerdi keńeytiw - sport medicinası, psixologiyası hám sociologiyası tarawında hayal-qızlar sportı boyınsha arnawlı ilimiy izertlewler alıp barıw.

**Juwmaq**

Hayal-qızlar sportı zamanagóy jámiyettiń rawajlanıwında áhmiyetli sociallıq, mádeniy hám ekonomikalıq áhmiyetke iye tarawlardan biri bolıp esaplanadı. Ol tek ǵana hayal-qızlardıń dene hám ruwxıy salamatlıǵın támiyinlep qoymastan, al olardıń jámiyetlik belsendiligin, basshılıq qásiyetlerin hám ekonomikalıq ǵárezsizligin de rawajlandıradı. Usı jaqtan, sport tarawında hayal-qızlar ushın jaratılıp atırǵan imkaniyatlardıń keńeyiwi - mámlekettiń rawajlanıwı hám gender teńligi principleriniń ámeliy kórinisi bolıp esaplanadı.

Biraq talqılawlar sonı kórsetedi, hayal-qızlar sportı ele de bir qansha tosqınlıq hám mashqalalarǵa dus kelmekte. Sonıń ishinde, qarjılay qollap-quwatlawdıń jetkilikli emesligi, infrastrukturanıń sheklengenligi, jámiyetlik stereotipler hám psixologiyalıq tosqınlıqlar bul tarawdıń rawajlanıwına kernewli tásir etpekte. Sonlıqtan, hayal-qızlar sportın hár tárepleme qollap-quwatlaw mámleket siyasatınıń tiykarǵı baǵdarlarınan birine aylanıwı zárúr.

Keleshekte hayal-qızlar sportın rawajlandırıw ushın tómendegi baǵdarlarǵa dıqqat qaratıw maqsetke muwapıq:

• mámleketlik baǵdarlamalar hám nızamshılıq arqalı hayal-qızlar ushın teń imkaniyatlardı kepillew;

• sport infrastrukturasın awıl hám qalalarda birdey rawajlandırıw;

• sporshı hayal-qızlardıń jetiskenliklerin ǵalaba xabar quralларında keń jaqtılandırıw;

• jas áwlad, ásirese qızlar ushın sport dógerekleri hám sekciyalarınıń sanın kóbeytiw;

• sport medicinası hám psixologiyası tarawında arnawlı izertlewler alıp barıw arqalı hayal-qızlar sportında ilimiy-teoriyalıq tiykarların bekkemlew.

Usılay etip, hayal-qızlar sportındaǵı imkaniyatlardı keńeytiw hám máselelerdi sheshiw arqalı tek ǵana sport tarawı emes, al pútkil jámiyettiń turaqlı rawajlanıwına úles qosıw múmkin. Hayal-qızlar sportı - bul salamat áwlad, teń huqıq hám imkaniyatlar hám demokratiyalıq jámiyettiń ajıralmas qurawshı bólegi bolıp esaplanadı.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Матвеев Л.П. Теория и методика физической культуры. - М.: Физкультура и спорт, 2005.

2 Xalmuxamedov R.D. Jismoniy tarbiya nazariyasi va metodikasi. – T.: “O’qituvchi”, 2012.

3. Lyakh V.I., Zdanevich L.A. Gender aspects in the training of athletes. - Journal of Physical Education, 2017.

4. Bobokulov U.R., Karimova Z.A. O'zbekistonda ayollar sportini rivojlantirish istiqbollari. - "Imiy izlanishlar" jurnali, 2022.